# li gay wax di ci woote lu baax la, boo ñu xibaaroon ndax la ñu defoon dees na ko jéggale

Jële na ñu ci Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu ne: Ay nit yu bokkoon ca bokkaalekat ya, dañoo ëppaloon ci raye, ëppal ci njaalo, ñu ñëw ci Yónente bi Muhammat -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: li gay wax di ci woote lu baax la, boo ñu xibaaroon ndax la ñu defoon dees na ko jéggale, aaya bi daadi wàcc {ak ñi nga xam ne duñu jaamu jeneen Yàlla di ko bokkaale ak Yàlla, te duñu ray bakkan bu Yàlla araamal ci lu dul dëgg te duñu njaalo{ [Al-Furxaan: 68], aaya bii it wàcc: {waxal sama jaam ñi nga xam ne dañoo ëppal ci def ay bàkkaar buñu naagu mukk ci yërmàndey Yàlla} [As-Sumari: 53].

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ay gaay ci bokkaalekat yi dañoo ñëwoon ci yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- te fekk ñu ëppaloon lool ci ray nit ak njaalo, ñu wax Yónente bi ne ko: Lislaam ji ngay woote ak di ko jàngale lu baax la, waaye lan moo doon sunu mbir ak li ñu tàbbi ci ay bokkaale ak bàkkaar yu mag yi, ndax dees na ko sippi? Ñaari aaya yi daal di wàcc, ne Yàlla day nangu tuub ci nit ñi ak lu séen i bàkkaar bari te rëy, ndax bu dul woon loolu danañu wéy ca séen kéefar ga ak séen mbewte ma te kon duñu dugg ci diine ji.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65071